



## Department of Education

Chancellor Richard A. Carranza

Jen 2019

### Rezime Chanjman nan Kòd Disiplin lan pou K-5 ak 6-12

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education, NYCDOE) angaje l pou l asire lekòl nou yo ofri yon anviwonman aprantisaj san danje kote elèv ak estaf jwenn sipò epi santi yo ansekitrite. Tout manm nan kominote lekòl la—pwofesè, elèv, administratè, paran, konseye, travayè sosyal, ajan sekirite, founisè sèvis espesyal, manm kafeteria, paran oswa responsab elèv , estaf otobis—genyen yon responsabilite pou trete youn ak lòt nan respè mityè.

Objektif dokiman an se bay yon rezime chanjman pwopoze yo pou Kòd Disiplin K-5 ak 6-12. Chanjman sa yo pran an konsiderasyon kòmantè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) ap resevwa nan ane lekòl 2018-19 la. Ete sa a, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pral kontinye angaje avèk elèv, estaf ak manm kominote a pou rasanble kòmantè anplis sou chanjman yo pwopoze yo. Yo pral poste plis chanjman avèk detay nan semèn k ap vini yo.

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) ap mete aksan sou kominote lekòl ki garanti sekirite ak sipò, paske lè nou kenbe elèv yo nan salklas olye nou konte sou sispanson, yap gen siksè sou plan akademik. Kounye a nan Kòd Disiplin lan, yon sispanson Sipèéntandan ka gen pou konsekans ranwa elèv la pou plis pase yon ane nan yon lòt lokal enstriksyon pou klas K-5, oswa yon Sant aprantisaj altènatif (ALC) pou Klas 6-12, toudepann laj elèv la ak tip konpòtman an. Nan ane lekòl 2017-18, dire yon sispanson Sipèéntandan anmwayèn se te 18.7 jou lekòl. Sepandan, rechèch pa demontre genyen yon relasyon awofondi ant longè yon sispanson ak yon chanjman pozitif apre nan konpòtman. Pandan lòt lokal enstriksyon ak ALC yo ap bay pwogram akademik konplè, genyen yon deranjman nan kontinuite enstriksyon an lè yo mande elèv pou ale nan diferan lokal olye lokal regilye yo. Chanjman sa yo poutèt sa pral konsantre sou kenbe elèv yo nan salklas yo ak minimize entèripsyon enstriksyon pou koz sispanson.

Yo pral sipòte pwofesè ak kominote lekòl yo nan chanjman sa yo. NYCDOE pral bay tout lekòl primè aksè nan kourikoulòm Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl (Social-Emotional Learning, SEL), an patenarya avèk Pwogram National University System's Sanford Harmony. Anplis, nou entwodui pwogresivman yon fòm jistik pou repare ofans (Restorative Justice, RJ) nan tout lekòl presegondè ak segondè pou bay elèv yo zouti yo bezwen pou eksprime emosyon yo, simonte konfli ak retabli relasyon. Pwofesè yo ak lidè lekòl yo ap resevwa anpil sipò pou asire disiplin y ap bay yo jis ak konsistan lè y ap abòde konpòtman elèv yo nan yon fason ki pèmèt elèv yo aprann apati erè yo fè epi rann kont pou aksyon yo komèt.

## **Rezime Chanjman yo Pwopoze yo**

Chanjman yo pwopoze yo pral:

1. Bay plis opsyon pou repons disiplin, sipò ak entèvansyon.
  - a. Mete Sèk reentegrasyon kòm yon fòm pratik pou reparasyon. Yon Sèk pou Reentegrasyon (Re-entry Circle) se yon pwosesis ki la pou akeyi elèv la ankò fòmèlman nan kominate lekòl la ak pou etabli yon sistèm sipò.
  - b. Ajoute Plan Sipò Endividyle (Individualized Support Plan, ISP), ki se yon entèvansyon yo ka itilize pou move konpòtman, ki genyen ladan ka agresyon (bullying), arasman, ak entimidasyon.
  - c. Agrandi chwa repons disiplin lan pou mete mwens pinisyon di pou kèk kòd enfrakson konpòtman.
2. Minimize entèripsyon enstriksyon akademik akoz sispanson. Lè w retire elèv nan lekòl la pou peryòd tan pwolonje kòm konsekans sispanson Sipèntandan oswa sispanson Direktè yo, sa deranje edikasyon yo.

Kòd Disiplin lan mande repons disiplin ki reflete bezwen lekòl, fè elèv pran responsablite pou konpòtman yo dwe genyen, redui entèripsyon enstriksyon ak sipòte estaf lekòl la pou favorize anviwonman ki gen sekirite. Donk, yon sispanson Sipèntandan pa ka depase 20 jou lekòl, sof nan ka ki enplike ensidan grav ak vyolan, oswa sa lalwa mande.

Pou asire yo enpoze sispanson pwolonje nan tout jistis, nenpòt pwolojman ki depase 20 jou lekòl dwe gen apwobasyon Direktè Egzekitif Biwo Sekirite an (Senior Executive Director of the Office of Safety) oswa yon lòt reprezantan Chanselye a.

3. Aliye Kòd Disiplin lan avèk règleman NYCDOE ki deja egziste. Revize Lwa sou Dwa ak Responsablite Elèv pou mete ladan dwa elèv pou yo rele yo avèk non ak pwonon ki koresponn avèk idantite sèks yo epi itilize twalèt ak vestyè dapre idantite sèks yo.
4. Mete Enfòmasyon sou agresyon (bullying) ajou.
  - a. Kòd la pral klarifye konpòtman sa a pa oblige repete pou l se agresyon (bullying).
  - b. Li genyen enfòmasyon anplis konsènan kòman paran ak elèv ka repòte konpòtman agresyon.
5. Fè lòt chanjman enpòtan.  
Piske diyite elèv, respè, ak konpòtman responsab fè pati fondamantal lekòl ki bay sekirite ak sipò:
  - a. Revize Deklarasyon Misyon pou mete ladan objektif pou sèvi bezwen timoun lan ann antye.
  - b. Deplase Lwa sou Dwa ak Responsablite Elèv pou mete l nan yon seksyon ki avan kote li ye jis nan fen Kòd Disiplin lan.